шахси. шаклланиш шартларидан биридир. Фарзандларимиз ҳаётимизнинг мазмуни, бизнинг келажагимиз. Ҳеч қанча вақт ўтмай, улар ҳаётимизнинг давомчиларига айланишади. Шу сабабли уларда ижодий тафаккурни, ўз-ўзини ривожлантиришни, ўз кучига ишончни тарбиялаш ва ривожлантириш ҳар биримизнинг масъулиятли бурчимиздир.

**Адабиётлар**


1. Разумовский В.Г. Ўқувчиларда ижодий қобилиятларни ўстириш. – Тошкент: «Ўқитувчи»,1978. 286-б.
2. Савенков А.И. Исследовательское обучение и проектирование в современном образовании. // Исследовательская работа школьников. -М.: 2004. №1. -С. 22 – 32.
3. Леонтович А.В. Об основных понятиях концепции развития исследовательский и проектной деятельности учащихся. // Исследовательская работа школьников. 2003. №4. -С. 12 – 17.
4. Milliy oʻquv dasturi muhokamasi. https://t.me/dastur_muhokamasi - 2020.


**РЕЗЮМЕ.** Мазкур мақолада ўқув машғулотларида лойиҳалашнинг ҳолати ва таҳлили келтирилган. Ўқув-лойиҳа иши замонавий таълим беришда ўқувчиларда шахсий интеллектуал-ижодий қобилиятларни ривожлантиришнинг энг мақбул йўлларидан бири.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье представлено состояние и анализ проектов на учебных заниятиях. Учебно-проектная работа является одним из лучших способов развития личностных интеллектуальных и творческих способностей учащихся в современном образовании.

**SUMMARY.** This article presents the state and analysis of project at the lesson. The educational project work is one of the best ways to develop personal, intellectual and creative abilities of students in modern education.

## SÍDÍQ ShAYÍR DÓRETIWSHILIGIN OQÍTÍW USÍLLARÍ

**B.A.Davletov** – *filologiya ilimleriniń kandidatı, docent*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** shoir, she'riyat, usul, «sinkveyn», «intervyu», yumor-satira, qissaxon, dars, sintez.
**Ключевые слова:** поэт, поэзия, метод, синквейн, интервью, юмор-сатира, рассказ, урок, синтез.
**Key words**: poet, poetry, method, cinquain, interview, humor-satire, story, lesson, synthesis.

Sıdıq Toqpan ulınıń dóretiwshiligi XIX ásirdiń aqırı XX ásirdiń basındaǵı karaqalpaq ádebiyatında elewli orındı iyeleydi. Onıń shıǵarmaları qıssaxanlar repertuarlarınan belgili dárejede orın alǵan. Shayır poeziyasınıń tematikalıq-ideyalıq mazmunı ráńbáreń temalardan ibarat. Atap aytqanda, shıǵarmalarında miynetkesh xalıq turmısı, tariyxıy hám yumor-satiralıq baǵdar súwretlenedi. Onıń bizge shekem, «Pirmanbaydıń diyxanına, «Móldek», «Bizge», «Qaytpasam bolmas», «Yaranlar», «Zaman», «Aq qapshıq», «Qus», «Sultan qaqay», «Ábiy saǵal», «Sıdıq penen attıń aytısı», «Dáwran», «Shıǵır» sıyaqlı bir qatar qosıqları jetip kelgen.

Sıdıq shayırdıń ómiri hám dóretiwshiligi, jasaw tárizi haqqında tuwralı ilimpaz Q.Ayımbetov tómendegishe maǵlıwmat beredi: «Sıdıq shayır jas waqıtlarında Xojeli qalasında medresede oqıp júrgende qıssa kitapların kópshilikke oqıp bere baslaǵan edi. Kóbinese kóship júrgen dáwirde malsız-múlksiz, jersiz-suwsız ómir súrgende onıń kún kórisi kópshilikke qıssa oqıp beriw bolǵan» [1:71]. Jáne de shayırdıń ómiri haqqında ayırım maǵlıwmatlar menen shıǵarmaların Sadıq Nurımbetov 1940-jılı Qaraqalpaqstan jazıwshılar awqamına zıp tapsıradı. Bul derekler «Qaraqalpaq xalıq tvorchestvosı» degen kitapta basılıp shıǵadı. «Sıdıq shayırdıń óz zamanında qıssaxanlar mektebin shólkemlestirgen hám qaraqalpaqta qıssaxanlıq mektebin rawajlandırǵan adamlardan biri» ekenligin ilimpaz Á.Paxratdinov ta atap kórsetedi [2:138]. Al, ilimpaz A.Pirnazarov «Xalıq shayırları» toplamındaǵı [3:90-101] shıǵarmaların tallay otırıp Sıdıqtıń kosıq jazıwdaǵı qollanǵan dóretiwshilik usıllardı úyrenedi [4:96-105].

Búgingi kúnde ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde qaraqalpaq ádebiyatı pánin oqıtıwǵa ayrıqsha itibar qaratılmaqta. Sebebi tálim barısında oqıtıwdıń zamanagóy metodların qollanıw sabaqtıń joqarı nátiyjeli ótiwine tásir etedi. Tálim metodların tańlawda hár bir temanıń didaktikalıq mazmunınan kelip shıǵıw tańlaw maqsetke muwapıq keledi. Ásirese, shayır hám jazıwshılardıń ómiri hám dóretiwshiligin oqıtıwda usı temalarǵa sáykes metod hám usıllardı orınlı paydalana biliw úlken áhmiyetke iye.

Qaraqalpaq ádebiyatında Sıdıq Toqpan usınıń dóretiwshiligin úyreniwde «Sinkveyn», «Intervyu», «Besinshisi, (altınshısı, jetinshisi, ...) artıqsha» hám t.b. sıyaqlı metodlardan paydalanıw sabaqtıń nátiyjeli hám qızıqlı bolıwına alıp keledi. Shayırdıń dóretiwshiligin úyreniwde bul metodlardı qollanıw arqalı oqıwshılardıń belsendiligin arttıraw menen birlikte sabaqtı tereń ózlestiriwinde de oǵada áhmiyetli. Sabaq barısında oqıw materialların kishi bólimlerge bólip, olardıń ideyalıq mazmunın ashıwda aqılıy hújim, kishi toparlarda islesiw, mashqalalı jaǵday sıyaqlı metodlardı paydalanǵan abzal.

"Sinkveyn"di dúziw quramalı process bolıp, onı nátiyjeli shólkemlestiriw ushın belgili bir qaǵıydalarǵa ámel etiw talap etiledi. Bul metodtı dúziw bes basqıshlı háreketlerdi shólkemlestiriw arqalı ámelge asırıladı.

J.Still, K.Mereds, Ch.Temil tárepinen islep shıǵılǵan "Oqıw hám jazıw tiykarında kritikalıq pikirlewdi rawajlandırıw dástúri"nde hár bir oqıwshı hám oqıwshılar toparlarınıń pikirlesiw belsendiligin asırıw, olarda kritikalıq pikirlew qábiletin rawajlandırıw ushın "Sinkveyn" metodın qollanıw nátiyjeli ekenligi aytıladı.

**Sinkveyn** (francuzsha "bes qatar" mánisin ańlatadı) maǵlıwmatlardı sintezlew (ayrıqsha maǵlıwmatlar tiykarında pútin ideyalardı qáliplestiriw)ge járdem beretuǵın uyqassız qosıq bolıp, ol tiykarda úyrenilip atırǵan tema (túsinik, hádiyse, waqıya)larǵa baylanıslı maǵlıwmatlar toplanadı; hár bir talaba usı maǵlıwmatlar jıyındısı (uyqassız qosıq)tı óz sózleri menen hár túrli variantta yaki kóz qarasta sáwlelendiriw imkaniyatına iye.

Sinkveyn dúziw –quramalı ideya, sezim-tuyǵılardı bir neshe sóz arqalı anıq, jarqın sáwlelendiriw kónlikpesi bolıp, bul process temanı puxta ózlestiriw, maǵlıwmatlardı jaqsı ańlawǵa járdem beredi.

Quramalı xabardı sintezlewde, oqıwshılardıń bilimlerin bahalawda, oqıwshı tárepinen dóretiwsheńlik islenbelerin usınıwda sinkveyn nátiyjeli usıl bolıp esaplanadı.

Sinkveyndi dúziw tártibi tómendegishe:

1-basqısh- tema bir sóz benen beriledi (ádette atlıq sóz tańlanadı);

2-basqısh-tema eki kelbetlik sóz benen beriledi (2 kelbetlik sóz tańlanadı);

3-basqısh – tema sheńberindegi is-háreket úsh sóz benen beriledi (3 feyil yaki ráwish sóz jazıladı);

4-basqısh – temaǵa múnásibetin ańlatatuǵın tórt sózden ibarat pikir jazıladı (4 sózden ibarat gáp jazıladı);

5-basqısh – temanıń áhmiyetin tákirarlawshı, mánisin oǵan jaqın bolǵan bir gáp jazıladı (temaǵa baylanıslı sinonimler tiykarında gáp jazıladı)

Ámeliyatta sinkveyn:

-quramalı maǵlıwmattı sintezlew quralı;

-oqıwshı-talaba túsinigin zapasın bahalaw quralı;

- pikirdi erkin túsindiriw quralı sıpatında júdá paydalı [5:105-106].

Sinkveyn túsinikler hám maǵlıwmatlardı refleksiyalaw, sintezlew hám ulıwmalastırıwda tezlik penen, sol waqıtta iske asıralatuǵın qudiretli qural bolıp esaplanadı [6:39-45].

| «Sinkveyn» metodına úlgiler | |
|---|---|
| 1. Sıdıq.<br>2. Talantlı, bilimli<br>3. Oqıydı, jazadı, úyteredi<br>4. Sıdıq – qıssaxan hám ustaz.<br>5. Shayır. | 1. «Aq qapshıq»<br>2. Kórkem, tariyxıy<br>3. Ash boladı, qıynaladı, tarıǵadı<br>4. «Aq qapshıq» –tariyxıy waqıyaǵa arnalǵan.<br>5. Kórkem shıǵarma. |
| 1. «Ábiy saǵal»<br>2. Yumorlıq, kúlkili.<br>3. Urlaydı, jasıradı, kúlki boladı.<br>4. Ábiy saǵal – unamsız isler menen shuǵıllanıwshı.<br>5. Qosıq. | 1. «Zaman»<br>2. Tariyxıy, qayǵılı<br>3. Ózgeredi, bólinedi, eziledi<br>4. Jámiyet toparlarǵa bólinip ketedi.<br>5. Shıǵarma. |

«Intervyu» metodı arqalı da temanı túsindiriwde ózgeshe usıllardan biri. Bul metod bir-biri menen tanıs bolmaǵan oqıwshılar ortasında óz-ara pikiralısıwdı shólkemlestiriw, olardıń bir-biri menen jaqınnan tanısıwı ushın zárúr sharayattı jaratıp beriw maqsetinde qollanıladı. Onı qollanıwda bir-birin jaqsı tanımaytuǵın juplıqlar dúziledi, oqıwshılardıń tanısıp alıwı ushın 2-3 minut waqıt beriledi. Sońınan juplıqlardıń har bir aǵzası jámáátke qanday da bir qızıqlı dálil járdeminde óz sherigi haqkında maǵlıwmat beredi. Bunda topardaǵı hár bir oqıwshınıń bir adam menen tanısıwı názerde tutıladı.

Metod oqıwshıdan kishi toparlarda qollanılıwı kerek. Sabaq barısında bul metod juplıq tiykarında tema boyınsha oqıwshılar tárepinen úyrenilgen bilimlerdiń bekkemlew ushın qollanılsa da boladı. Bunda juplıqtaǵı oqıwshınıń biri “Jurnalist”, ekinshisi “Belgili insan” bolıwı lazım. Intervyu barısıngda ekewi jde temanı jaqsı ózlestirgen bolıwı shárt.

“Jurnalist” úyrenilgen tema boyınsha sorawlar toplamın islep shıǵadı. “Belgili insan” sorawlarǵa juwap beredi.

Soraw - juwap ótkerilgen soń jámáát aǵzaları oqıtıwshınıń basshılıǵında eń maqul sorawlar toplamın, sorawlarǵa berilgen eń durıs juwaplardıń variantların anıqlap, jeńimpazlardı belgileydi. Jámááttiń pikirin inabatqa alınıp, oqıtıwshı jeńimpazlardı daǵazalaydı [7:31-32].

Intervyu metodı

| № | 1-oqıwshı, “Jurnalist» tarepinen beriletugın sorawlar toplamı: | 2-oqıwshı, “Belgili insan” tárepinen beriletugın juwaplar toplamı: |
|---|---|---|
| 1 | Sıdıq shayırdıń qanday qosıqları bar? | “Zaman”, “Pirmanbaydıń diyqanına”, “Móldek”, “Ábiy saǵal”, “Aq qapshıq”, “Sultan qaqay” t.b. |
| 2 | Sıdıq shayırdıń dóretiwshiliginiń óz zamanlas shayırlardan ózgesheligi nede? | Sıdıq –qıssaxan bolǵan, aytıs formasında qosıq jazǵan. |
| 3 | Sıdıqtıń shıǵarmalrın Qaraqalpaqstan Jazıwshılar awqamına kim ákelip tapsıradı? | Sadıq Nurımbetov 1940-jılı tapsıradı. |
| 4 | Sıdıq shayırdıń qaysı qosıǵında tariyxıy tema sáwlelengen? | “Zaman”, “Aq qapshıq”. |
| 5 | Sıdıq shayırdıń qaysı qosıqlarında óziniń turmısı súwretlengen? | “Qaytpasam bolmas”, “Yaranlar”, “Bizge” t.b. |
| 6 | Qaraqalpaqlardıń urıw atamaları qaysı qosıǵında berilgen? | “Yaranlar”, |
| 7 | ”Ábiy saǵal” qosıǵında Ábiy neni urlaydı? | Juweri bas |
| 8 | Ábiy saǵal” qosıǵında Ábiydiń neshe jasında urlıq islegeni aytıladı? | Alpıs úsh jasqa kelgeni aytıladı |
| 9 | Sıdıq shayırdıń qaysı qosıǵında qızlarǵa quyıdan suw bermegen adam kúlkige alınadı? | “Sultan qaqay”, |
| 10 | “Sıdıq penen attıń aytısı” qosıǵında shayır attı neshe tillaǵa satıp alǵanın aytadı? | Jigirma bir tillaǵa |

Juwmaqlap aytqanda, ádebiyat oqıtıwshısı tek ǵana bilim beriwshi bolıp qalmastan ol dóretiwshi bolıp ta esaplanadı. Ol sabaqtı ótpeydi, al jaratadı. Sonıń ushın oqıtıwshı úzliksiz túrde óz kásiplik tayarlıǵın arttırıp barıwı, pedagogikalıq turmıs talaplarınan artta qalmawı, izleniwi, dóretiwi, zamanagóy dúnyalıq innovaciyalıq texnologiyalardan xabardar bolıwı lazım.

## Ádebiyatlar


1. Айымбетов Қ. Халық даналығы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1968.
2. Пахратдинов Ә. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы. –Нөкис: «Билим», 1995.
3. Халық шайырлары. (Баспаға таярлаған: А.Каримов, Ә.Қожықбаев). –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1982.
4. Пираназаров А. Күнхожа, Әжинияз, Сыдық шығармаларында қолланылған дөретиўшилик усыллар. –Н.: «Билим», 2000.
5. Авлаев О.У., Жўраева С.Н., Мирзаева С.Р. Таълим методлари. –Тошкент: «Наврўз», 2017.
6. Азизходжаева Н.Н. Педагогик технология ва педагогик маҳорат. – Тошкент: 2006.
7. Интерфаол методлар: мохияти ва кулланилиши (Методик кулланма). (Тузувчилар: Д.Рузиева, М.Усмонбоева, З.Холикова) - Тошкент: Низомий номидаги ТДПУ нашриёти, 2013.



**REZYUME.** Maqolada Sidiq shoir ijodini o’qitish masalalari talqin qilingan. Shoir ijodini tadqiq etish va o‘qitish «Sinkveyn», «Intervyu» metodlari yordamida o’rganilgan. Shoirning ijod yo’lini o’qitishda interfaol metodlarni qo’llanishning samaradorligi misollar bilan ko’rsatib berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье освещаются вопросы преподавания творчества Сидика как поэта. Исследование и преподавание творчества поэта изучалось с помощью методов «Синквейн» и «Интервью». На примерах показана эффективность использования интерактивных методов в обучении творческому пути поэта.

**SUMMARY.** The article highlights the issues of teaching Sidik's creativity as a poet. The research and teaching of the poet’s work was studied using the Cinquain and Interview methods. The examples show the effectiveness of using interactive methods in teaching the creative path of a poet.


# ОИЛАДА ЎСМИРЛАРНИ ХАЛҚ ОҒЗАКИ ИЖОДИ АСОСИДА ТАРБИЯЛАШНИНГ ТАРИХИЙ ИЛДИЗЛАРИ


**А.Досходжаева –** *катта ўқитувчи*

*Ажиниёз номидаги Нукус давлат педагогика институти*



**Таянч сўзлар:** Авесто, оила, оилада ўсмирларни тарбиялаш, халқ оғзаки ижоди, оила тарбияси тўғрисида мутафаккирларнинг ғоялари.

**Ключевые слова:** Авесто, семья, воспитание подростков в семье, фольклор, идеи мыслителей о семейном воспитании.

**Key words:** Avesta, family, teenagers’ upbringing in the family, folklore, scientists’ points of view about family upbringing.


Шарқда қадимдан оила тарбиясига катта эътибор берилган. Оила тарбияси масалаларига алоҳида урғу берилган Зардуштийликнинг муқаддас китоби «Авесто»да оилани ҳимоялаш, бир неча болани дунёга келтириб, тарбиялаган аёлларни мукофотлаш, уларга нафақа тайинлаш тўғрисидаги ғоялар ўз аксини топган.